



Prezidan Thomas S. Monson

Benediksiyon tanp yo

Lè nou al nan tanp, nou ka rive atenn yon dimansyon espirityalite ak yon santiman lapè.

Frè ak sè m yo, ala m rekonesan pou m avèk nou nan bèl maten Pak sa a kote panse nou vire sou Sovè mond lan. Mwen eksprime amou m pou nou e mwen swete nou chak byenveni epi m priye pou Pè Selès la enspire pawòl mwen yo.

Konferans sa a fè setan depi nou te soutni m kòm Prezidan Legliz la. Setan sa yo sete ane okipe, ranpli non sèlman ak pwoblèm men ak benediksyon san konte tou. Pami sa k te pi agreyab ak pi sakre nan benediksyon sa yo, sete opòtinite m te genyen pou m te konsakre ak rekonsakre kèk tanp la.

Dènyèman, Novanm ki sot pase a, m te gen privilèj pou m te konsakre nouvo tanp Phoenix la nan Arizona. M te akonpaye pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Èldè Dallin H. Oaks, Èldè Richard J. Maynes, ak Èldè Lynn G. Robbins ak Èldè Kent F. Richards. Jou swa anvan konsekasyon an, te gen yon bèl selebrasyon kiltirèl kote plis pase 4.000 jèn ki soti nan distri tanp lan te bay yon bèl prezantasyon. Nan demen, tanp lan te konsakre nan twa sesyon sakre ak enspiran.

Bati tanp se yon endikasyon trè klè sou kwasans Legliz la. Aktyèlman nou gen 144 tanp ki an fonksyon nan

mond lan, avèk 5 ki anba renovasyon epi 13 ki an konstriksyon. Anplis, 13 tanp ki te deja anonse yo, yo nan diferant etap preparasyon anvan konstriksyon yo kòmanse. Ane sa a, nou prevwa pou n rekonsakre de tanp e konsakre senk nouvo tanp ki deja pwograme pou yo fini.

Nan de dènye ane ki sot pase yo, pandan ke nou te konsantre tout efò nou sou fini tanp ki te deja anonse yo, nou pa t fè pwøjè pou okenn lòt nouvo tanp. Sepandan, maten an, mwen gen gwo plezi pou m anonse twa nouvo tanp ki pral bati nan kote sa yo: Abidjan (Côte d'Ivoire), Port-au-Prince (Haïti), ak Bangkok (Thaïlande). Ala bèl benediksyon k ap tann manm fidèl yo nan peyi sa yo, epi anfèt, manm toupatou nan mond lan kote ki gen tanp.

Pwosesis pou etidye bezwen yo ak chèche sit pou nouvo tanp yo ap kontinye san rete paske nou vle pou otan sa posib, manm yo gen posiblite pou y al nan tanp san gwo sakrifis tan ak mwayen. Jan nou konn fè nan lefase a, n ap kenbe nou enfòmè lè nou pran kèk desizyon sou sa.

Lè m ap panse ak tanp, panse m vire sou pil benediksyon nou resevwa

ladan yo. Lè nou antre nan pòt tanp lan, nou kite distraksyon ak konfizyon mond lan dèyè. Andedan sanktyè sakre sa a, nou jwenn bote ak lòd. Gen repo pou nanm nou ak yon repi anba sousi lavi nou yo.

Lè n al nan tanp, nou resevwa yon dimansyon espirityalite ak yon santiman lapè ki depase tout lòt santiman ki ta penetre nan kè imen an. Nou kapte vrè siyifikasyon pawòl Sovè a lè l te deklare: “M ap ba nou kè poze, mwen kite lapè m pou nou. . . . Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa bezwen pè.”¹

Kalite lapè sa a ka ranpli kè nenpòt moun—kè ki twouble, kè ki akable anba chagren, kè ki gen konfizyon, kè k ap enplòre pou yo jwenn èd.

Resamman, m te pèsònèlman aprann istwa yon jenòm ki t al nan tanp avèk yon priyè nan kè l pou l te jwenn èd. Kèk mwa anvan sa, li te resevwa apèl pou l t al sèvi yon misyon nan Amerik diSid. Men, sa te pran sitèlman reta pou yo te ba l viza ke yo te oblije voye l sèvi misyon an nan Etazini. Malgre li te desi dèske li pa t ka sèvi nan premye zòn yo te ba l apèl la, li te travay di nan nouvo zòn yo te voye l la, ak detèminasyon pou l te sèvi pi byen l te kapab. Sepandan, li te vin dekouraje akòz eksperyans negatif li te fè avèk kèk misyonè ki te sanble yo te plis enterese nan pase yon bon tan olye yo te pataje levanjil la.

Kèk mwa apre, jenòm sa a te vin gen yon gwo pwoblèm sante ki te kite l paralize yon bò, epi konsa, yo te voye l lakay li pou rezon medikal.

Kèk mwa apre, li te geri totalman, epi paralezi a te disparèt. Yo te

enfòm l ke li t ap kapab al kontinye misyon an, yon benediksyon li te priye pou sa chak jou. Sèl nouvèl ki te fè l desi sèke li t ap oblije retounen al nan menm misyon l te kite a, kote l te santi konpòtman ak atitud kèk nan misyonè yo pa t sa yo ta dwe ye a.

Li te vin nan tanp lan pou l te chèche rekonfò ak konfimasyon ke li t ap ka viv yon bon eksperyans nan misyon an. Paran l te priye tou, pou pitit yo a te ka jwenn èd la li te bezwen an nan tanp lan.

Lè jenòm sa a te antre nan sal selès la apre sesyon an, li te chita sou yon chèz epi li te kòmanse priye pou l te jwenn direksyon nan men Pè Selès la.

Yon lòt moun ki te antre nan sal selès la tousuit apres a sete yon jenòm ki te rele Landon. Pandan l t ap mache antre nan sal la, je l te imedyatman atire sou jenòm nan ki te chita sou chèz la, ak je l fèmen e ki aparaman t ap priye a. Landon te resevwa yon enspirasyon byen klè pou l t al pale avèk jenòm sa a. Men, li te ezite pou l t al entèwonp li, e li te decide pou l tann. Apre kèk minit te fin pase, jenòm nan te toujou ap priye. Landon te santi ke l pa t ka retade pouse l te santi a. . Li te pwoche bò kot jenòm nan epi li te touche zepòl li tou dousman. Jenòm nan te louvri je l, tou etone dèske yo te deranje li. Landon te di dousman: “M santi m pouse pou m pale avèk ou, men m pa konn poukisa.”

Lè yo te kòmanse pale, jenòm

nan te ouvri kè l bay Landon, li te eksplike sitiwayon an ak dezi li pou l te resevwa rekonfò ak ankourajman konsènan misyon l lan. Landon, ki te fèk retounen sot nan misyon pa li ennan anvan sa, te pale l sou eksperyans misyon l lan, sou pwoblèm ak difikilte li te rankontre, sou fason li te mande Senyè a èd, ak sou benediksyon li te resevwa. Pawòl li yo te rekonfòtan e rasiran, epi antouzyas li pou misyon l la te kontajye. Finalman, pandan krent jenòm sa a t ap bese, yon santiman lapè te anvayi li. Li te santi yon gwo rekonesans lè l te reyalize ke l te jwenn repons priyè l la.

De jènjan sa yo te priye ansanm, epi apres a, Landon te prepare l pou l ale, kontan dèske li te suiv enspirasyon li te resevwa a. Pandan l te kanpe pou l ale a, jenòm nan te mande Landon: “Ki kote w te sèvi misyon ou?” Rive nan pwen sa a, youn ladan yo pa t mansyone lòt la non misyon kote l te sèvi a. Lè Landon te di non misyon an, dlo te vide nan je jenòm nan. Landon te sèvi nan menm misyon li ta pral retounen ale a!

Nan yon lèt li te voye ban wen, Landon te rapòte m pawòl jenòm sa a te di nan moman yo t ap separe a: “M te gen lafwa ke Pè Selès la t ap beni m, men m pa t janm imajine li t apral voye yon moun ki te sèvi nan menm misyon pa m nan pou ede mwen. Kounyeya, m konnen tout bagay ap oke.”² Priyè enb yon kè sensè te monte epi l te egzose.

Frè m ak sè m yo, nan lavi nou, n ap gen tantasyon; n ap gen eprèv ak difikilte. Si nou ale nan tanp, si nou sonje alyans nou fè nan tanp yo, n ap vin pi kapab simonte tantasyon sa yo ak travèse eprèv nou yo. Nan tanp lan, nou ka jwenn lapè.

Benediksyon tanp yo inestimab. Youn mwen rekonesan pou li chak jou nan lavi m se dèske madanm benenime m, Frances, avèk mwen, nou te mete ajenou sou yon otèl sakre pou n te fè alyans ki liye nou ansanm pou letènite. Pa gen okenn benediksyon ki pi presye pou mwen pase lapè ak rekonfò m resevwa nan konesans ke li menm avèk mwen ap rankontre ankò a.

Se pou Pè Selès la beni nou pou nou ka gen espri adorasyon tanp lan nan nou, pou nou ka obeyi kòmandman l yo, epi pou nou ka byen suiv tras Senyè ak Sovè nou an, Jezikri. Mwen temwaye ke Li se Redanmtè nou. Li se Pitit Gason Bondye a. Se limenm ki te sòti nan tonbo a premye maten Pak sa a, li te pote avèk li kado lavi etènèl pou tout pitit Bondye yo. Nan bèl jou sa a, pandan n ap selebre evenman siyifikan sa a, m priye pou nou ofri priyè gratitud nou pou gwo kado sakre sa a li ba nou an. Mwen priye pou nou ka fè sa, nan non sakre li, amèn.

NÒT

1. Jan 14:27

2. Korespondans ki nan posesyon Thomas S. Monson

Ansèyman pou epòk pa nou an

Soti Oktòb 2015 rive Avril 2015, lesan katriyèm Dimanch pou Prèttriz Mèlkisèdèk ak Sosyete Sekou yo dwe prepare apati youn oubyen plis nan diskou yo te bay nan konferans jeneral Avril 2015 la. An Oktòb, nou gen dwa chwazi diskou yo oubyen nan konferans jeneral Avril 2015 la oubyen nan sa Oktòb 2015 la. Prezidan pieu yo ak distri yo dwe chwazi ki diskou pou yo itilize nan zòn pa yo a, oubyen yo ka delege responsablite sa a bay evèk yo ak prezidan branch yo.

Diskou yo disponib nan plizyè lang nanconference.lds.org.



Prezidan Dieter F. Uchtdorf

Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

Kado lagras la

Jodia e pou tout tan, gras Bondye disponib pou tout moun ki gen kè brize ak lespri kontri.

Jou Dimanch Pak la, nou selebre evenman ki pi gloriye tout moun t ap tann nan istwa mond lan.

Se jou ki te chanje tout bagay la.

Jou sa a, lavi m te chanje.

Lavi w te chanje.

Destine tout pitit Bondye yo te chanje.

Nan jou beni sa a, Sovè limanite a, ki te pran sou tèt li chenn peche ak lanmò ki te kenbe nou prizonye yo, te kase chenn sa yo e libere nou.

Akoz sakrifis Redanmtè Byeneme nou an, lanmò ak tonm nan pa gen laviktwa ankò,¹ Satan pa gen pouvwa ankò, e nou “gen lavi ankò . . . pou yon esperans vivan gras ak *rezirèksyon* Jezikri a.”²

Vrèman, Apot Pòl te kòrèk lè l te di nou ka “youn ankouraje lòt ak pawòl sa yo.”³

Gras Bondye

Nou souvan pale de Sakrifis Ekspyatwa Sovè a—e nou gen rezon!

Pawòl Jakòb yo di: “Poukisa pou m pa ta pale konsènan ekspsyasyon Kris la, pou m kapab vin gen yon konesans pafè konsènan li?”⁴ Men pandan ke nou “pale konsènan Kris la, . . . nou pran plezi nan Kris la, . . .

nou preche konsènan Kris la, [epi] nou pwofetize konsènan Kris la”⁵ nan tout okazyon an, nou pa dwe janm pèdi sans admirasyon nou ak gratitud pwofon nou pou sakrifis etènèl Pitit Gason Bondye a.

Nou pa ka diminye valè Ekspyasyon Sovè a nan ansèyman nou, nan konvèsasyon nou, ni nan kè nou. Li sakre epi li sen, paske sete atravè “gwo sakrifis final” sa a Jezikri te reyalize “sali pou tout moun ki kwè nan non li.”⁶

M etone lè m ap panse ke Pitit Gason Bondye a te konsanti desann tèt li pou vin sove nou, osi enfafè, osi move, osi prèt pou fè erè e osi engra nou souvan ye. M eseye konprann Ekspyasyon Sovè a avèk espri limite mwen, e sèl eksplikasyon m ka jwenn se sa a: Bondye renmen nou pwofondeman, pafètman e etènèlman. E m pa ka menm kòmanse wè “grandè, lajè, pwofondè ak wotè . . . amou Kris la.”⁷

Yon ekspresyon pisan sou amou sa a se sa ekriti yo souvan rele *gras Bondye*—a, asistans divin ak don fòs ki fè nou grandi soti nan moun enfafè ak limite nou ye kounyeya pou n vin tounen èt egzalte “ki resevwa

verite ak limyè, jistan [nou] glorifye nan verite epi [nou] konnen tout bagay.”⁸

Gras Bondye se yon bagay ki trè mèveye. Men nou souvan mal konprann ni.⁹ Malgre sa, nou dwe konnen kisa gras Bondye ye si nou gen entansyon pou n eritye sa ki prepare pou nou nan wayòm etènèl li a.

Pou rezon sa a, m ta renmen pale sou lagras. An patikilye, toudabò, kijan lagras *ouvè pòt syèl la*, epi, dezyèmman, kijan li *lowri fenèt syèl la*.

Premyèman: Lagras ouvè pòt syèl la

Paske nou tout “peche, epi nou prive de lagras Bondye,”¹⁰ epi paske “okenn bagay sal pa kapab antre nan wayòm Bondye a,”¹¹ nou youn pa diy pou retounen nan prezans Bondye.

Menmsi nou ta sèvi Bondye ak tout nanm nou, sa pa t ap ase; paske nou t ap toujou rete “sèvitè san merit.”¹² Nou pa ka merite plas nan syèl la pou tèt pa nou; demann lajistis yo kanpe kòm baryè, ke nou pa kapab travèse poukont pa nou.

Men, tout bagay pa pèdi.

Gras Bondye se gwo espwa etènèl nou.

Atravè sakrifis Jezikri a, plan mi-zèrikòd la satisfè egzijans lajistis yo,¹³ “epi li [kreye] mwayen pou lèzòm kapab gen lafwa pou repantans.”¹⁴

Peche nou yo, menmsi yo wouj tankou san, ka vin blan tankou lanèj.¹⁵ Paske Sovè byeneme nou an te “bay tèt li kòm ranson pou tout moun,”¹⁶ sa banou mwayen pou nou antre nan wayòm etènèl li a.¹⁷

Pòt la louvri!

Men gras Bondye pa senpleman retabli nou nan premye eta inosans nou. Si sali vledi sèlman efase peche nou yo, enben, sali—osi pisan ke

l ye—pa ranpli aspirasyon Papa a pou nou. Objektif li pi wo pase sa. Li vle pitit gason l yo ak pitit fi l yo vin menmjan avèk li.

Avèk gras Bondye, chemen disip la pa mennen dèyè, men li mennen nou pi wo.

Li mennen nan wotè nou ka difisilman konprann tou! Li mennen nan egzaltasyon nan wayòm selès Papa nou ki nan syèl la, kote, antoure ak fanmi nou, n ap resevwa “plenitid li, ak laglwa li.”¹⁸ Tout bagay pou nou, epi nou se pou Kris la.¹⁹ Anfèt, n ap resevwa tout sa Papa a genyen.²⁰

Pou nou eritye glwa sa a, nou bezwen plis pase yon pòt ki delòk; nou dwe an tre nan pòt la avèk yon dezi pou nou chanje nan kè nou—yon chanjman si enpòtan ke ekriti yo dekri l kòm “fèt ankò; nadenouve nan Bondye, chanje eta [monden] ak eta la chit la, pou nou vin nan yon eta lajistis, pou Bondye rachte nou, pou nou kapab vin tounen pitit gason ak pitit fi Bondye.”²¹

Dezyèmman: Lagras ouvè fenèt syèl la

Yon lòt eleman nan gras Bondye se ouvèti fenèt syèl yo, pou Bondye vide benediksyon pouvwa ak fòs, pou pèmèt nou akonpli bagay ke otreman nou pa t ap ka janm ka akonpli. Se gras ekstraòdinè Bondye ki pèmèt pitit li yo simonte kouran anbachal yo ak twonpri mèl twonpè a, pou yo libere anba peche, epi vin “pafè nan Kris la.”²²

Byenke nou tout gen feblès, nou ka simonte yo. Anfèt, se gras Bondye kifè, si nou bese tèt nou epi nou gen lafwa, bagay fèb yo ap vin fò pou nou.²³

Pandan tout lavi nou, gras Bondye akòde nou benediksyon tanporèl ak don esprityèl ki ogmante kapasite nou ak anrichi lavi nou. Gras li rafine nou. Gras li ede nou vin pi bon nou kapab.

Kimoun ki ka kalifye?

Nan Bib la, nou li apwopo vizit Kris la te fè kay Simon, farizyen an.

Sou deyò, Simon te sanble l te yon bon gason onèt. Li te regilyèman

ranpli tout obligasyon relijye li: li te respekte lalwa, li te peye dim ni, li te respekte jou Saba a, li te priye chak jou, epi li te toujou al nan sinagòg la.

Men, pandan Jezi te avèk Simon an, yon fi te apwoche, li te lave pye Sovè a avèk dlo nan je li, epi li te pase bon luil chè sou pye li.

Simon pa t kontan avèk demons-trasyon adorasyon sa a, paske l te konnen fi a sete yon pechrès. Nan tèt li, li t ap panse si Jezi pa t konn sa, siman li pa t yon pwofèt tout bon vre, paske li pa ta ka kite fi sa a touche li.

Jezi, ki te konn panse Simon, te vire gade l epi l te poze l yon kesyon . Li te di: “Te gen de nonm ki te dwe yon moun ki te prete yo lajan. Premye a te dwe l senksan goud, epi lòt la te dwe l senkant goud

. Ni youn ni lòt pa t gen dekwa peye dèt la. Nonm lan te di yo yo pa bezwen peye dèt la ankò. Se poutèt sa, di mwèn, kiyès nan yo de a ki va renmen l plis?”

Simon te reponn ke sete moun ki te dwe l plis la.

Lè sa a, Jezi te anseye yon leson pwofon: “Ou wè fi sa a? . . . Peche l yo, e m konnen yo anpil, yo padone; *paske li renmen anpil*: men yon moun yo padone yon ti kras, se yon ti kras l ap montre jan l renmen tou.”²⁴

Avèk kiyès nan de moun sa yo nou pi sanble?

Èske nou tankou Simon? Èske nou konfyan e satisfè pou bon zèv nou yo, èske nou kwè nan pwòp jistis pèsònèl nou? Èske nou petèt yon tijan enpasyon avèk moun ki pap viv alawotè prensip avèk nou yo? Èske n ap vwayaje sou pilot otomatik, k ap aji mekanikman, tankou ale nan reyinyon nou yo, baye pandan tout klas doktrin levanjil la, epi tcheke telefòn selilè nou pandan reyinyon Sentsèn nan?

Oubyen èske nou tankou fi sa a, ki te panse li te totalman pèdi e sanzespwa poutèt peche l yo?

Èske nou *renmen anpil*?

Èske nou konprann dèt nou anvè Pè Selès la epi nou sipliye avèk tout nanm nou pou n jwenn gras Bondye?

Lè nou met ajenu pou n priye, èske se pou nou prezante lis pi bon bagay nou reyalize poutèt nou dwat, oubyen èske nou konfese fot nou, pou n mande Bondye mizèrikòd, ak dlo rekonesans nan je nou pou bèl plan redanmsyon an?²⁵

Nou pa ka achte sali avèk lajan obeyisans; nou achte l avèk san Pitit Gason Bondye a.²⁶ Panse ke nou ka jwenn sali akòz bon zèv nou se tankou achte yon biyè avyon epi mete nan tèt nou ke nou se pwopriyete konpayi ayeryèn nan. Oubyen panse ke lè nou peye lwaye kay nou, nou posede tout planèt la.

Donk, poukisa nou obeyi?

Si lagras se yon kado Bondye, poukisa obeyi kòmandman Bondye yo si enpòtan konsa? Poukisa pou n anbete tèt nou avèk kòmandman Bondye yo—ou menm repantans tou? Poukisa nou pa jis admèt ke nou san peche epi kite Bondye sove nou?

Oubyen, pou n poze kesyon ki nan pawòl Pòl yo, “Èske nou mèl kontinye ap viv toujou nan peche, pou gras Bondye vini pi plis toujou?” Repons Pòl la te senp: “Non, sa pa ka fèt.”²⁷

Frè m ak sè m yo, nou obeyi kòmandman Bondye yo—paske nou renmen Li!

Eseye konprann don lagras Bondye a ak tout kè nou ak tout lespri nou ba nou plis rezon toujou pou n renmen ak obeyi Pè Selès la avèk imilite ak gratitid. Pandan n ap mache sou chemen disip la, li rafine nou, li amelyore nou, li ede nou vin plis tankou Li, epi li mennen nou retounen nan prezans Li. “Lespri Senyè [Bondye nou] an” pote “yon gwo chanjman nan nou, . . . ki fè nou pa gen okenn dispozisyon pou nou fè mal ankò, men okontrè pou nou kontinye fè byen nètalkole.”²⁸

Se poutèt sa, obeyisans nou nan kòmandman Bondye yo vini kòm rezilta natirèl amou ak gratitid enfni nou pou bonte Bondye. Fòm amou ak gratitid sensè sa a ap mirakilezman ini zèv nou yo ak lagras Bondye. Vèti ap gani panse nou san rete, epi

konfyans nou ap grandi anpil nan prezans Bondye.²⁹

Chè frè m ak sè m yo, viv levanjil la fidèlman se pa yon fado. Se yon pratik jwaye—yon preparasyon pou nou eritye gwa laglwa letènite yo. Nou chèche obeyi Pè Selès la paske espri nou ap vin pi an amoni avèk bagay espirituel yo. N ap wè bagay nou pa t ap janm imajine ki egziste. Nou resevwa limyè ak konpreyasyon lè nou fè volonte Papa a.³⁰

Lagras se yon don Bondye, epi dezi nou pou obeyi chak kòmandman Bondye yo se fason nou lonje lamèn nou nan mòtalite a pou n resevwa kado sakre sa a nan men Pè Selès nou an.

Tout sa nou kapab fè

Pwofèt Nefi te pote yon patisipasyon enpòtan nan fason nou konprann lagras Bondye lè l te deklare: “Nou travay avèk dilijans . . . pou nou pèsyade pitit nou yo ak frè nou yo, pou yo kwè nan Kris la, e pou yo rekonsilye ak Bondye; paske nou konnen se *pa mwayen lagras nou sove, apre tout sa nou kapab fè.*”³¹

Sepandan, m ap mande m si pafwa nou pa mal entèprete fraz ki di “apre tout sa nou kapab fè” a. Nou dwe konprann ke “apre” pa vle di “akoz.”

Nou pa sove “akoz” tout sa nou kapab fè. Èske nou youn la a fè *tout* sa nou kapab fè? Èske Bondye tann jiskaske nou fin fè tout efò nou anvan li entèveni nan lavi nou pou aplike gras sovè l la?

Anpil moun santi yo dekouraje

paske yo toujou ap echwe nan sa yo ta renmen fè. Yo konnen pèsònèlman ke “lespri a byen dispoze, men lachè a fèb.”³² Yo leve vwa yo avèk Nefi pou pwoklame: “Nanm mwen lamante poutèt inikite m yo.”³³

Mwen sèten Nefi te konnen gras Sovè a *pèmèt* nou e *rann nou kapab* simonte peche.³⁴ Se poutèt sa Nefi te travay avèk sitèlman dilijans pou l te pèsyade pitit li yo ak frè l yo pou yo te “kwè nan Kris la, epi pou yo rekonsilye ak Bondye.”³⁵

Apre tou, *sa se* tout sa nou kapab fè! Epi *sa se* tach nou nan mòtalite a!

Gras la disponib pou nou tout

Lè m ap panse ak sa Sovè a te fè pou nou ki mennen nan premye Dimanch Pak sa a, mwen anvi leve vwa m pou m pouse kri louwanj pou Bondye Toupuisan an ak Pitit Gason lan, Jezikri!

Pòt syèl yo louvri!

Fenèt syèl yo louvri!

Jodia e pou tout tan, gras Bondye disponib pou tout moun ki gen kè brize ak moun ki gen lespri kontri.³⁶ Jezikri te klere chemen an pou nou pou nou ka atenn wotè ki enkonpryansib pou lespri mòtèl nou.³⁷

Mwen priye pou ke, avèk nouvo je e avèk yon nouvo kè, nou ka wè siyifikasyon etènèl sakrifis ekspyatwa Sovè a. Mwen priye pou nou montre amou nou pou Bondye ak rekonesans nou pou kado lagras enfini Bondye a nan respekte kòmandman yo epi jwayezman “mennen yon nouvo lavi.”³⁸ nan non sakre Mèt nou ak Redanmtè nou an, Jezikri, amèn.

NÒT

1. Gade 1 Korentyen 15:55; Mozya 16:8.
2. 1 Pyè 1:3; italik ajoute.
3. 1 Tesalonik 4:18; gade tou vèsè 13–17.
4. Jakòb 2:28.
5. 2 Nefi 25:26.
6. Alma 34: 10, 15.
7. Efèz 3:18–19.
8. Doktrin ak Alyans 93:28.
9. Vrèman, nou se “timoun piti, epi . . . nou poko konprann ki grandè benediksyon Pè a genyen pou nou nan men li, ke li prepare pou [nou]” (Doktrin ak Alyans 78:17).
10. Women 8:36.
11. 1 Nefi 15:34; gade tou 1 Nefi 10:21; Moyiz 6:57.
12. Mozya 2:21.
13. Gade Alma 42:15.
14. Gade Alma 34:15.
15. Gade Ezayi 1:18.
16. 1 Timote 2:6.
17. Gade 2 Pè 1:11.
18. Doktrin ak Alyans 76:56.
19. Gade Doktrin ak Alyans 76:59.
20. Gade Doktrin ak Alyans 84:38.
21. Mozya 27:25.
22. Mowoni 10:32.
23. Gade Etè 12:27.
24. Gade Lik 7:36–50; italik ajoute.
25. Parabol Kris la konsènan Farizyen an ak Piblikan an klèman ilistre pwèn sa a (gade Lik 18:9–14).
26. Gade Travay 20:28.
27. Women 6:1–2.
28. Mozya 5:2.
29. Gade Doktrin ak Alyans 121:45.
30. Gade Jan 14:15.
31. 2 Nefi 25:23; italik ajoute.
32. Matye 26:41; gade tou Women 7:19.
33. 2 Nefi 4:17.
34. Gade 2 Nefi 4:19–35; Alma 34:31.
35. 2 Nefi 25:23.
36. Gade 3 Nefi 9:19–20.
37. Gade 1 Korentyen 2:9.
38. Women 6:4.